



## Palm Springs Community Middle School

Educate. Affirm. Inspire.

Chè Paran,

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach kontan anpil pou l anonse opòtinite elèv 8yèm ane ki nan lekòl distri a ap dirije pou yo patisipe nan egzamen Preliminè SAT (PSAT) 8 gratis.

Rezilta PSAT 8 yo ap bay yon endikatè debaz sou pwogrè aktyèl nan direksyon preparasyon pou kolèj, epi poutèt pwen referans preparasyon pou kolèj yo aliyen deprè ak estanda eta Florid, rezilta yo kapab ede nan sipòte ansèyman ak aprantisaj nan nivo klas yo.

Done ki soti nan evalyasyon PSAT 8 kapab sèvi tou pou ede konseye nan lekòl segondè detèmine preparasyon akademik ak potansyalite pou siksè nan Plasman Avanse ak lòt kou preparasyon pou kolèj, ak pou idantifye elèv ki kapab bezwen ansèyman adisyonèl avan yo enskri nan kou sa yo. Tès yo pral fèt 16 oktòb.

Elèv yo k ap patisipe pral genyen opsyon pou yo voye nòt yo bay *Khan Academy*, yon resous gratis sou entènèt kote y ap konsewa yon plan etid endividyèl ak pratik pou elèv ou a baze sou rezilta li yo. Sepandan, si ou pa swete pèmèt pitit ou a patisipe nan PSAT 8 la, ou dwe siyen epi soumèt dispans ki atache la a bay lekòl pitit ou a.

Nou ankouraje tout elèv 8<sup>yèm</sup> ane pou pran opòtinite sa a ki disponib pou yo pou rezon sa yo:

- PSAT 8 la enkli matematik, lekti, redaksyon ak eleman langaj ki apwopriye ak nivo klas la; pa genyen okenn preparasyon espesyal ki nesèsè.
- Pwogram nan kapab ede idantifye potansyalite chak elèv pou siksè akademik pandan ak aprè lekòl segondè.
- PSAT 8 aliyen deprè ak Tès Kalifikasyon Merit Nasyonal/PSAT ak SAT elèv yo pral pran nan klas 9<sup>yèm</sup> ak 10<sup>yèm</sup> ane, epi rezilta yo kapab sèvi pou prepare pou amelyore pèfòmans nan evalyasyon sa yo, alavni.
- Rezilta tès yo bay konseye akademik lekòl segondè yo enfòmasyon pou ede gide elèv ki kapab pare pou enskri epi genyen siksè nan Plasman Avanse ak lòt kou preparatwa pou kolèj depi nan 9yèm ane, oswa idantifye domèn kote elèv kapab bezwen ansèyman adisyonèl avan yo enskri nan kou preparatwa pou kolèj.
- Rezilta tès yo kapab fasilite diskisyon sou plan edikatif alavni moun ta kapab pa konsidere otreman.



**Palm Springs Community Middle School**

Educate. Affirm. Inspire.

## **Dispans pou PSAT 8**

Mwen rekonèt Palm Springs Community Middle School te rekòmande pou pitit fi/gason mwen an te genyen opòtinite pou l pran PSAT 8. Sa ta kapab ogmante opòtinite pou pwogram etid ki pi avanse. **Siyati mwen anba la a endike mwen swete refize opòtinite sa a pou pitit gason/fi mwen an.**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_